



### Pwosesis Depistaj COVID Elèv la

Capital la konsantre sou pwoteje sante ak sekirite elèv nou yo, anplwaye yo, ak kominote a. Nou mande pou etidyan yo ak/oubyen fanmi yo ranpli yon evalyasyon medikal ki konpoze de yon kontwòl pèsònèl chak maten anvan li ale lekòl.

#### Tanpri reponn kesyon k ap swiv yo:

- Nan 14 dènye jou yo, èske w te vini pre (nan distans 6 pye pandan omwen 15 minit) de yon moun ki gen yon ka COVID-19 ki konfime nan laboratwa, oubyen èske ou te gen kontak dirèk ak mikis ou byen saliv yo?
- Nan dènye 48 èdtan tan yo èske w te genyen youn nan sentòm k ap swiv yo?
  - Lafyèw ki 100.4 F oubyen pi wo (oubyen sentòm tankou tranble ak swe nan fason altène)
  - Nouvo tous
  - Nouvo difikilte pou w respire, souf kout, oubyen sifleman sevè
  - Nouvo frison oubyen tranbleman ak frison
  - Nouvo doulè nan mis
  - Gòj fèmèl
  - Vomisman oubyen dyare
  - Nouvo pèt sant oubyen gou, oubyen yon chanjman nan gou
  - Kè plen
  - Fatig
  - Tèt fèmèl- konjesyon nazal oubyen ekoulman nazal (san pyès lòt koz ou konnen tankou alèji)

Si w te reponn **WI** a nenpòt nan kesyon anwo yo, PA voye pitit ou an lekòl jodi a. Olye de sa, kontakte founisè swen sante primè timoun ou an ansanm ak enfimyè lekòl la.

(Yo te adapte zouti depistaj sa a apati Depistaj Pèsònèl pou COVID-19 Mayo Clinic genyen anliy lan. Pou itilize zouti anliy Mayo Clinic lan, vizite <https://mayoclinic.org/covid-19-self-assessment-tool> )

#### Konsiderasyon adisyonèl:

- Etidyan yo dwe rete lakay yo si yo montre kèlkeswa sentòm COVID-19 oubyen yo te konfime yo gen COVID-19 oubyen si DPH ekzije pou izole oubyen antre an karantèn.
- Kenbe timoun ki malad lakay ou; pa voye yo lekòl. Pa voye timoun yo lekòl ak yon lafyèw 100.4° oubyen pi wo.
- Aprann timoun ou yo pou yo lave men yo souvan ak savon ak dlo pandan 20 segonn.
- Etidyan ki nan matènèl jiska klas 12yèm ane dwe mete kachnen antwal anndan edifis lekòl la, eksepte lè sa ka afekte sante endividi a.
- Aprann timoun ou yo pou yo kouvri tous oubyen etènne nan tisi oubyen touse anndan koud yo.
- Aprann timoun ou yo pou yo pratike distans fizik ak sosyal lè yo rete omwen sis pye distans ak moun ki pa manm fanmi w.

Si w gen kesyon, tanpri kontakte enfimyè lekòl ou an oubyen founisè swen sante primè timoun ou an.

Pou enfòmasyon oubyen kesyon jeneral sou COVID-19 ak prevansyon, vizite sit wèb Divizyon Sante Piblik nan Minisè Sante ak Sèvis Sosyal Delaware nan <https://coronavirus.delaware.gov/> oubyen ou ka rele 2-1-1 oubyen voye kòd postal ou kòm yon mesaj tèks bay 898-211 pou moun ki soud oubyen gen difikilte odisyon.